


# Tès po pou TB

## Kisa TB ye ?

« TB » se diminitif yon maladi ki rele tibèkiloz.

## Kijan ou ka trape TB ?

TB pwopaje apatide nan ti jèm miniskil ki ka flote nan lè a. Lè yon moun ki gen maladi TB a touse, estène oubyen pale fò yo ka espre jèm sa yo nan lè a. Si yon lòt moun respire jèm sa yo, moun sa a ka trape tibèkiloz la (TB). TB ka fè ou santi fatige, gen latous, lafyèy epi transpire pandan lannwit. Majorite moun kwè ke TB ka sèlman aji sou poumon ou yo. Kwak 70% nan moun ki enfekte ak TB gen jèm yo nan poumon yo, TB ka enfekte lòt kote nan kò a tankou zo, sèvo oubyen ren.



## Kijan mwen ka konnen si mwen gen TB ?

Yon ti tès po senp ka kite ou konnen si ou gen jèm TB a nan kò ou. Tès sa a fèt an jeneral sou ponyèt. Yo itilize yon ti zegwi pou mete yon likid anba po a pou ka fè tès la. Yon anplwaye swen ap obsève reyaksyon an 2 oubyen 3 jou apre.

## Kijan pou mwen okipe ponyèt mwen an apre tès la ?

- Pa kouvri anplasman an ak yon band-aid oubyen yon tep.
- Pa grate oubyen fwote zòn lan.



## Kisa kap rive si tès po TB a negatif ?

Nan pi gwo sikonstans yo, si pa gen okenn boul kote yo te mete likid tès la, pwobableman ou pa enfekte ak TB.

## Kisa kap rive si tès po TB a pozitif ?

Yon tès pozitif ap tankou yon boul ki leve sou ponyèt ou kote yo te fè tès la. Pwobableman sa vle di jèm TB a nan kò ou. Doktè ka vle fè lòt tès pou wè kote jèm TB a nan kò a.

Li enpòtan pou yon doktè oubyen enfimyè wè tès po ou a 48-72 èdtan pare li te mete

## Kisa kap rive si m te pran vaksen BCG ?

*Menmsi ou te pran vaksen BCG a, ou ka toujou fè yon tès po TB.*

- Moun ki te pran vaksen BCG a ka toujou vin enfekte ak jèm TB a.

## Men bon nouvèl la.

Si ou konnen ou gen jèm la, ou ka pran medikaman an pou konbat jèm lan epi rete an bon sante.



BPHC, TB Clinic, BMC Yawkey Bldg. 3<sup>rd</sup> Floor  
850 Harrison Ave.  
Boston, MA 02118

Telefòn: (617) 534-4967 (Randevou)  
(617) 534-4875 (Enfimyè)

KREYÒL

Updated 02/05